# HAMZA HÁKIMZADA NIYAZIYDIŃ QARAQALPAQSTANDAǴÍ JADIDSHILIK XÍZMETLERI

**T.Orazov** – *assistent oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** jadidshilik kitapxanaları, internat kitapxanası, kórkem ádebiyatlar, qoljazba derekleri, arxivler, kitapxana fondı.

**Ключевые слова:** джадидские библиотеки, интернатная библиотека, художественная литература, рукописные источники, архивы, библиотечный фонд.

**Key words:** jadid libraries, boarding school library, fiction, manuscript sources, archives, library collection.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyaev "Biz áyyemgi hám bay tariyxımızdı, ásirese oǵada awır jaǵdaylarda ilim, ilim, ruwxıy-aǵartıwshılıq, insan erkinligi, xalıq azatlıǵı, Ana Watanǵa, milliy qádiriyatlarǵa mehir hám sadıqlıq ideyaların batıl kóterip shıqqan jadid babalarımızdıń xızmetlerin ele de tereń úyreniwimiz lazım. Olardıń ullı maqsetler jolındaǵı mártlershe gúresi hám pidayılıǵı jańa Ózbekstandı qurıwda hámmemiz, bárinen burın jaslarımız ushın haqıyqıy ibrat mektebi bolıp xızmet etiwi zárúr, - dep kórsetkenindey, búgingi ilimiy izertlewlerde tákirarlanbas tariyxıy hám mádeniy baylıqlarımızdı keleshek jaslarımızǵa miyras etip qaldırıw, XX ásirdegi totalitar dúzimniń ideologiyalıq tásirinde júzege kelgen tariyxıy waqıyalardı búgingi kózqarastan kelip shıǵıp pikirlew dáwir talabı bolıp tabıladı.

1917-1924-jılları Xorezm Xalıq Respublikasınıń quramında bolǵan Ámiwdáryanıń shep jaǵasında musılman meshit medreseleri menen bir qatarda jadidshilik jańa usıl mektepleri óz jumısların dawam etken. Xiywa xanlıǵında jadidshilik jańa usıl mektepleriniń ashılıwı Buxaradaǵı sıyaqlı xanlıq dúzimi tárepinen qarsılıqqa ushıramadı. 1904-jil noyabr ayında Muxammed Raximxannın pármanı menen Úrgenish qalasında "usuli savtiya" metodına tiykarlangan "Jadid" mektebi ashıldı. Muxammed Raximxan Feruz dúnyadan ótkennen keyin taxtqa otırǵan Asfandiyarxan jadid mektepleriniń rawajlanıwına úlken itibar qaratadı. Solay eken biziń qaraqalpaq xalqınıń arasında da jadidshilik mektepleri bolǵan ba degen soraw hámmeni qızıqtırıwı múmkin. Bizge málim bolǵanınday qaraqalpaq xalqınıń arasınan shıqqan tuńǵısh jadidshilerden Seyfulǵabit Májitov, Qazı Máwlik, Abbaz Dabılov hám taǵı basqa jadidshilerdi bilemiz. Solay eken biz joqarıda atap ótken jadidlerden de burın qaraqalpaq jerinde XIX ásirdiń 22-24-jıllarında-aq jadidshilik mektebiniń payda bolǵanın kórip, oqıp gúwası boldım. Jaqında ózimniń úy kitapxanamdı kózden ótkerip atırsam tariyxshı ilimpaz Turǵanbiyke Abduraimovanıń "Hamza Hákimzada Niyaziydiń Xojelidegi xızmeti arxiv gúwalıǵında" degen kitabı qolıma túsip qaldı. Kitap 85 betten ibarat kishkene gana kitap. Oqıp kórsem Hamza Hákimzada Niyaziydiń Qaraqalpaqstanǵa keliwi hám Xojelide jadidshilik xızmetlerin alıp barǵanlıǵı haqqında anıq dáliller menen jazılǵan qızıq kitap eken. Kitaptı oqıp bola sala qolıma qálem alıp, Xamzanıń biziń jerimizge keliwi, onıń kórsetken úlken xızmetleri haqqında aytıp beriwdi maqul taptım.

Hamza Hákimzada Niyaziy komandirovka menen 1922-jıldıń avgust ayınan, 1924-jıldıń avgust ayına shekem yaǵnıy anıq etip aytqanda 2 jıl dawamında Qaraqalpaqstannıń Xojeli degen jerinde boladı. Ózbekstan Ilimler akademiyası qoljazbalar institutınıń arxivinde Hamza Hákimzada Niyaziy haqqındaǵı barlıq materiallardı óz fondında saqlaydı hám olar ilimiy jaqtan tereń úyrenip shıǵılǵan. Bunnan soń 1990-1991-jıllarǵa kelip bul arxivtiń tiykarǵı hújjetlerin toplap, katalog tártipke salıp, eki tomlıq kitap etip baspadan shıǵaradı. Onıń 1-tomında Hamza Hákimzada Niyaziydiń óz qálemine tiyisli bolǵan avtograf materiallar jámlengen bolsa, 2-tomında Hamza Hákimzada Niyaziyge hár qıylı adamlardıń, basqarmalardıń, shólkemlerdiń xatları hám hújjetlerine orın

berilgen. Bul 2 tomnan ibarat bolǵan kitapta Hamza Hákimzada Niyaziydiń basıp ótken ómir jolı hám onıń xalıq ushın islegen xızmetleri tolıq jarıtıp berilgen. Hamza Hákimzada Niyaziy 1922-jili Xojelige kelip birinshi internat shólkemlestiriwdi óz aldına úlken maqset etip qoyadı hám usi maqsetine erisedi. Ol ózi shólkemlestirgen mektep internatqa muǵallim bolıp jumısqa kirip ustazlıq jolındaǵı xızmetin baslaydı. Aradan az-maz waqıt ótkennen soń yaǵnıy 1923-jıldıń 10-fevralınan baslap ózi shólkemlestirgen internattıń direktorı lawazımında jumısın baslaydı. Aradan jáne de qısqa waqıt ótip yaǵnıy 1924-jılı Xojeli xalıq bilimlendiriw bóliminiń baslıǵı bolıp xızmetin dawam etedi. Hamza Hákimzada Niyaziy usınday basshı lawazımlarda islegen dáwirlerinde Qońırattaǵı hám Shımbay qalalarında islep turǵan mektep internatları menen tıǵız baylanıslarda bolıp óz-ara tájiriybeler almasıp turǵan. Oqıwshılardıń bilim alıw dárejelerin kúndelikli baqlap barǵan. Oqıw jılınıń aqırında mektep internatınıń oqıwshılarınan imtixan alıp jaqsı bahalarǵa tapsırǵan balalardı Xiywa qalasına oqıwǵa jiberip turǵan. Bul degeni oqıwshılardıń endigi sınaqlardan onnan da beter jaqsı oqıwına alıp kelgen. Bul Hamza Hákimzada Niyaziydiń ózi ashqan internattaǵı barlıq jumıslarınıń jaqsı jolǵa qoyılǵanınan dárek beredi. Sonıń menen birge mektep internatınıń abırayı kún sayın kóterile baslaydı. Bul internatqa balaların oqıwǵa beretuǵın ata-analar sanınıń kún sayın kóbeyip barıwı buǵan ayqın mısal bola aladı. Internatta oqıwshılardıń jaqsı bahalarǵa oqıwında kitaptıń ornı júdá úlken ekenligin jaqsı túsingen. Hamza Hákimzada Niyaziy kerekli kitaplardı kerekli jerlerden izlep tawıp oqıwshılarǵa jetkerip barǵan. Bunıń ushın internatqa eń dáslep kitapxana zárúrligin jaqsı túsinip jetken ustaz Hamza Hákimzada Niyaziy internattan kitapxana ashadı. Onıń kitap fondın túrli atamadaǵı kitaplar menen bayıtıwdı maqset etip qoyadı. Usı jerde arxivtegi saqlanıp kiyatırǵan hújjetlerge názer salıp qarasań 1922-jılı internat kitapxanasınıń kitap fondı 119 danadan ibarat bolǵan. Sonnan 13 dana kitap awıl xojalıǵına 20 dana kitap teatr tarawına tiyisli kitaplar bolǵan. Usı jılı 5-oktyabrde Qońırattaǵı kitapxanadan "Islam mádeniyatınıń tariyxı" nan degen kitaptı internat kitapxanasına aldıradı. Qońıratta islewshi feldsher arqalı bilimlendiriw toparına tiyisli internat balaları ushın 20 dana súwretli “Álipbe” kitabın, 18 danadan ibarat bolǵan muǵallimler ushın hár qıylı túrdegi oqıw quralların aldıradı. Sonıń menen birge Xiywadan 86 dana kitap aldırıp kitapxananıń kitap fondına qosadı. Olardıń 66 danası tárbiya pánine tiyisli kitaplar bolǵan bolsa, qalǵanları kórkem ádebiyatlar, 20 danası pesa hám pesalar toplamları bolǵan.

Internatta ashılǵan kitapxanadan, onıń kitap fondınan barlıq túrdegi kitap oqıwshılar paydalanǵan. Kitaplardı oqıp ózlerine ruwxıy azıq alǵan. Ilim hám ilimniń kóp sırların oqıp úyrengen.

Hamza Hákimzada Niyaziy barlıq jerlerge xat jazıp kitaplardı alıwı onıń kitapqa bolǵan sheksiz muhabbatınan dárek beredi. Usı jerde mısal retinde aytıp óteyin 1923-jılı 9-fevralda Xojabay Artıq ulı degen bir kisi Hamzaǵa xat jazıp onnan "Túrk shejiresi" atlı kitaptı bir oqıp beriwdi soraydı. Bul adamnıń sózin jerde qaldırmay kitaptı beredi.

Hamza Hákimzada Niyaziy xızmet alıp barǵan mektep internattıń kitapxanasınıń kitap fondın úzliksiz túrde kitaplar menen toltırıp barǵan. Usı jerde bir mısal retinde tómendegi kitaplardıń atamaların keltirip ótiwdi maqul dep taptım. Alıp qarayıq "Xorezm tariyxı," "Tuyǵun," "Omanat," "Shatoran túrk," "Xusayn Afandi," "Jamiydiń" "Bahoriston" hám taǵı basqa da kitapların keltirip ótsek boladı. Basqa pánlerge tiyisli bolǵan sabaqlıqlarǵa da tolı bolǵan. Sonı da aytıp ótiwimiz orınlı dep oylayman. Hamza Hákimzada Niyaziy óz kásibiniń pidayısı bolǵan. Internatta islegeninde barlıq tarawlarǵa teń kózqaras penen qarap kelgen. Biz sonı esapqa alıp, Hamza Hákimzada Niyaziydi haqıyqıy jadidshiler qatarına qossaq maqsetke muwapıq bolar edi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Abdurayımova Turǵanbike “Hamza Hakimzoda Niyoziyning Xoʻjaylidagi faoliyati arxiv guvohligida”. T-1997 y. 88-bet.

2. Sharipova, D. (2023). MÁLIMLEME – KITAPXANA MÁKEMELERINDE INNOVACIYALIQ ISKERLIKTI SHÓLKEMLESTIRIW. *Евразийский журнал академических исследований*, *3*(12), 26–30. извлечено от https://in-academy.uz/index.php/ejar/article/view/24073

3. Aytımova, D. Кутубхона ахборот муассасалари фаолиятини ривожлантиришда кутубхоначи кадрларнинг роли. https://hemis.uzdsmi-nf.uz/science/publication-scientifical-edit?id=339

4. Oxunjonov Erkin "Vatan kutubxonachiligi tarixi"-2-qism. T-2008 y. 80-bet.

**REZYUME.** Bul maqalada Hamza Hákimzada Niyaziydiń kitapxana tarawınıń qáliplesiwinde qosqan úlesleri haqqında keltirilgen. Dáslepki mektep internatın ashıp hám onda kitapxana shólkemlestirgenligi haqqında sóz etiledi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается вклад Хамзы Хакимзаде Ниязи в становление библиотечной сферы. Речь идёт об открытии первой школы-интерната и создании в нём библиотеки.

**SUMMARY.** This article discusses Hamza Hakimzoda Niyoziy's contributions to the development of the library sector. The opening of a primary school boarding school and the establishment of a library within it are discussed.

## MUSTAQILLIKNING 34 YILLIGI BAYRAM DASTURIDA BADIIY IFODA VOSITALARI TAHLILI

**Asliddin O'tayev** – *katta o'qituvchi*
*O'zbekiston davlat san'at va madaniyat instituti*
*"Dramatik teatr va kino" san'ati kafedrasi*

**Tayanch so'zlar:** mustaqillik, Yangi O'zbekiston, badiiy ifoda, ramziylik, uyg'onish, inson qadri, milliy o'zlik, folklor.

**Ключевые слова:** независимость, Новый Узбекистан, художественное выражение, символизм, возрождение, достоинство человека, национальная самобытность, фольклор.

**Key words:** independence, New Uzbekistan, artistic expression, symbolism, rebirth (renaissance), human dignity, national identity, folklore.

**Kirish.** O'zbekiston mustaqilligining har bir yilligi nafaqat siyosiy, balki ulkan madaniy-ma'rifiy voqea sifatida nishonlanadi. 34 yillik bayram dasturi o'z mazmun-mohiyatiga ko'ra avvalgilaridan farq qilib, unda "Yangi O'zbekiston" konsepsiyasi badiiy ifoda vositalari orqali yuqori saviyada ochib berilgan. Bayram ssenariysi rang-barang ijodiy namunalardan tashkil topgan bo'lib, unda so'z, kuy, raqs va vizual detallar yaxlit bir tizimni tashkil etadi. So'zning qudrati Bayram dasturining asosini she'riy matnlar va ta'sirchan xitoblar tashkil etadi. Bu yerda bir necha muhim leksik va uslubiy vositalarni ko'rish mumkin: Ssenariyning markaziy nuqtasida "Uyg'on, uyg'on!" xitobi turadi. Bu nafaqat jismoniy uyg'onish, balki ruhiy poklanish, ilm-fanga intilish va milliy yuksalish ramzi sifatida ishlatilgan. "Yangi ko'zlar uyg'ondi, Raq bosgan azizlar uyg'ondi" jumlasi jamiyatdagi yangilanish jarayonlarining badiiy ifodasidir. Vatanni "Navbahorim", "Yangi bahorim" deb atash orqali istiqlolning tarovati va istiqbolning yorug'ligi ta'kidlanadi. Shuningdek, xalqning birdamligini "bir tomirdan unib o'sgan daraxtlar" va "qo'sh daryodan suv ichgan do'stlar" kabi o'xshatishlar orqali ifodalash qardoshlik rishtalarining mustahkamligini ko'rsatadi. Tadbirda mintaqa xalqlarining birligi asosiy mavzulardan biri bo'ldi. Bayram dasturi faqat ichki yutuqlar bilan cheklanmay, xalqaro maydondagi do'stlikni ham tarannum etadi. Ozarbayjonning «Qorabax» kuylari, Turkmaniston, Qozog'iston, Qirg'iziston va Tojikiston xalqlari bilan bir tomirdan suv ichganlik g'oyasi san'at tili bilan ifodalanadi.

Bu Yangi O'zbekistonning ochiqlik va